

PLAN: Mattapan

Konvèsasyon & Mizajou Kominote Ayisyen

Dat

Jedi
23 Me 2019

Lè

6:00 PM - 7:30 PM

Adrès

Mildred Avenue
Community Center,
5 Mildred Avenue,
Mattapan, MA 02126

Medya Sosyal

bit.ly/planmattapan
bostonplans.org
[@bostonplans](https://twitter.com/bostonplans)
[#bostonplans](https://hashtag:bostonplans)

PLAN: Mattapan se yon resous planifikasyon ki fasilite pa Ajans Devlopman ak Planifikasyon Boston [Boston Planning and Development Agency (BPDA)], an kolaborasyon avèk lòt depatman yo nan Vil la.

Reyinyon Konvèsasyon ak mizajou Kominote Ayisyen an pral fèt nan lang Kreyòl Ayisyen, Li pral enfòme kominote Ayisyen Mattapan sou PLAN an: pwosesis Mattapan epi bay yon opòtinite pou nouvo vwa enfliyanse pwosesis planifikasyon. Mattapan gen 3yèm pi gwo popilasyon Ayisyen nan peyi a e nou vle tandè opinyon w ansanm avèk vwazen ou yo sou vizyon w pou avni kominote w. Sa a se youn nan anpil opòtinite pou kominote Ayisyen an patisipe nan pwosesis PLAN: Mattapan.

Sware a pral kòmanse avèk yon prezantasyon kout ki dekri PLAN an: Mattapan, pwosesis li avèk objektif li yo, ak kisa vil la te aprann jiska prezan. Kidonk pral gen yon opòtinite pou kesyon jeneral ki soti nan kominote a. Sware a pral fini avèk yon sesyon pòt louvri e patisipan yo pral kapab bay opinyon yo sou kesyon planifikasyon yo poze jiska prezan.

Yap sèvi rafreshisman leje. Yo pral fè reyinyon sa a nan lang Kreyòl Ayisyen e yo pral bay sèvis entèpretasyon an Angle.